

BAB V

KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG RÉKOMENDASI

5.1 Kacindekan

Ieu panalungtikan anu judulna “Aspék Psikologi Tokoh Utama dina Novél Rini karya Yoseph Iskandar (Ulukan Struktural jeung Psikologi Sastra)” miboga tujuan pikeun nganalisis struktur carita sarta aspék psikologi tokoh utama anu aya dina karya sastra nyaéta novél. Obyék dina ieu panalungtikan nyaéta novél Rini karya Yoseph Iskandar nu maluruh struktur carita (téma, fakta carita, jeung sarana sastra). Tiori anu digunakeun dina ieu panalungtikan nyaéta tiori Robert Stanton jeung tiori psikologi Sigmund Freud. Méthode anu digunakeun nyaéta déskriptif analitis kalawan téhnik studi pustaka.

Struktur carita anu nyampak dina ieu carita nyaéta téma. Fakta carita, jeung sarana carita. Téma anu aya dina ieu carita nyaéta “kahirupan jeung takdir anu aya patalina jeung jodo, pati, bagja,” ieu téma téh ngawengku ingetan nu matak nyeuri, kaleungitan jalma nu dipikacinta, hayang ngarasa hirup dina kabébasan, putus harepan, kahariwang nu jadi kolot, jeung takdir nu moal bisa ditolak. Fakta carita ngawengku galur, palaku jeung latar. Galur an digunakeun dina ieu carita nyaéta galur maju. Dina galur ieu ogé aya tahap pengenalan, tahap timbulna konflik, tahap konflik memuncak, tahap klimaks, jeung tahap pemecahan masalah. Palaku dina ieu carita aya 16 urang anu réa kacaritakeun. Latar dina ieu novél kabagi jadi tilu, aya latar tempat, latar waktu, jeung latar sosial. Aya 9 latar tempat anu kapanggih dina ieu carita. Aya 8 waktu anu kapanggih dina ieu carita. Latar sosial anu kapanggih dina ieu carita nyaéta dina basana ngagunakeun ragam basa loma, jeung kalimah-kalimah anu kamalayan. Hubungan sosial anu nyampak dina masarakat katitén tina sangsi sosial hubungan Yudi jeung Rini. Sarana sastra anu nyampak ngawengku judul, puseur implengan, jeung gaya basa. Judul dina ieu novél nyaéta Rini. Rini téh ngaran jelema salah sahiji tokoh utama anu aya dina carita novél ieu. Puseur implengan anu digunakeun ku pangarang dina ieu carita nyaéta méthode carita jalma kahiji. Ilaharna ngagunakeun téhnik puseur panitén

“kuring” salaku tokoh utama. Gaya basa anu kapanggih dina ieu carita nyaéta loba ngagunakeun gaya basa ngaupamakeun, mijalma, rarahulan, kadalon, rautan, lalandian, jeung ngasor.

Dina analisis aspék kapribadian teu sakabéh palaku dipaluruh. Palaku-palaku nu dianalisis aspék kapribadianana tina tilikan psikoanalisis nyaéta palaku-palaku nu watekna katingali jelas. Anapon anu dipaluruh nyaéta palaku utama Yudi. Dumasar kana hasil analisis aspék kapribadian anu dominan dina diri Yudi téh nyaéta aspék *ego*. Salian aspék *ego* nu jadi dominan dina diri Yudi, aspék *id* jeung *superego* ogé dipiboga ku Yudi. Aspék kapribadian anu nyangkaruk dina diri Lina téh aya tilu, nyaéta *id*, *ego* jeung *superego*. Sarua jeung Yudi, aspék anu dominan dina diri Lina téh nyaéta *ego*. Aspék kapribadian nu nyangkaruk dina diri Rini mah aya tilu, nyaéta *id*, *ego*, jeung *superego*. Dina tilu aspék ieu *ego* dominan dina diri Rini.

Dumasar kana sababaraha pedaran, bisa dicindekkeun yén novél Rini karya Yoseph Iskandar miboga struktur carita anu lengkep, sanajan sacara basa masih loba anu kamalayan jeung make ragam basa loma. Ieu novél diwangun ku struktur carita anu gembleng. Caritana ngagambarkeun kana kaayaan kahirupan rumah tangga. Bisa dicindekeun yén dina hakékatna kapribadian manusa téh sarua. Kapribadian manusa bisa barobah gumantung kana pasualan-pasualan anu keur disanghareupanana.

5.2 Implikasi

Dumasar kana hasil analisis, ieu panalungtikan tangtu miboga kaonjoran jeung kahéngkérana. Sanajan ieu panalungtikan aya kahéngkérana tina sababaraha aspék, di antarana waktu nu heureut tapi miboga implikasi dina widang paélmuan. Dina kaonjoranana, ieu panalungtikan dipiharep bisa mawa kana kahadéan, utamana pikeun nambah pangaweruh jeung kamekaran élmu kasusastran. Ieu panalungtikan dipiharep bisa ngeuyeuban kamekaran psikologi sastra, hususna dina sastra Sunda, ogé pikeun bahan tinimbangan pamaréntah hususna kanu maca sangkan bisa ngungkulan pasualan dina krisis literasi.

Nadia Aulia Gunadi, 2022

ASPÉK PSIKOLOGI DINA NOVÉL RINI KARYA YOSEPH ISKANDAR (Ulukan Struktural jeung PsikologiSastra)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

5.3 Rékoméndasi

Tina hasil ieu panalungtikan, ditujukeun sababara pikeun sababaraha pihak anu aya patalina jeung ieu panalungtikan nyaéta 1) pikeun panalungtik satuluyna, 2) pikeun guru jeung masarakat umum. Panalungtik satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu panalungtikan minangka hasil tatapakan, sangkan bisa ngeuyeuban hasil-hasil panalungtikan ngeunaan karya sastra hususna psikologi sastra. Kadua, guru jeung masarakat dipiharep bisa maham jeung ngungkulan pasualan-pasualan dina krisis literasi, hususna ngeunaan psikologi sastra.